

PWOTEJE KOMINOTE IMIGRAN YO NAN TOUT NEW YORK

LWA NEW YORK POU TOUT MOUN (GOUNARDES / REYES)

Tout Nouyòkè, kèleswa estati imigrasyon yo oswa kantite tan depi yo rete nan eta nou an, vle mennen yon vi san kontrent, patisipe nan lavi kominote yo, satisfè bezwen fanmi yo, epi jwenn aksè a swen sante san yo pa entimide. Kòm Prezidan Donald Trump pwomèt pou li separe fanmi yo, detwi kominote imigran yo epi fè depòtasyon an mas, li pi enpòtan toujou pou n pwoteje vwazen imigran nou yo.

Se egzakteman sa ke Lwa New York pou Tout Moun (New York for All Act) nan pral fè, lè li entèdi yo detounen resous eta a ak resous lokal yo pou aplike yon ajanda depòtasyon federal ki mechan e inimen.

Pandan imigran Nouyòkè yo ap fè fas ak plis menas, nou dwe anpeche ajans fòslòd lokal ak eta yo konspire ak Sèvis Imigrasyon ak Ladwàn (Immigration and Customs Enforcement, ICE) epi ak Sèvis Pwoteksyon Ladwàn ak Fwontyè (Customs and Border Protection, CBP).

PWOBLÈM NAN

Pandan plizyè ane, kèk nan lidè nou yo te itilize ICE pou divize nou, sible ak dyabolize imigran yo yon fason ki mechan. Atak ak taktik entimidasyon ICE yo separe fanmi nan New York yo, gras ak èd lapolis lokal yo ak ajans gouvènman yo k ap konspire pou pèmèt arrestasyon, detansyon ak depòtasyon. Trump te fè nou konnen klèman ke sitiyasyon sa a pral vin pi mal sou administrasyon li an.

Akoz de sa, anpil imigran Nouyòkè ak fanmi yo pa sispann viv ak enkyetid ke nenpòt entèrakson yo genyen ak enstitisyon gouvènman yo — kit se pandan lapolis kanpe yo nan trafik, pandan yo pral lekòl, pandan yo pral travay, oswa pandan yo pral chèche swen sante — kapab mennen nan depòtasyon.

Lè ajans lokal yo mete tèt ansanm ak ICE, sa lakoz yo etabli pwofil rasyal enkonstitisyonèl, ansanm ak yon move itilizasyon lajan taks ak resous lokal yo. Pratik sa yo ap andomaje sekirite publik ak byennèt tout Nouyòkè, epi y ap sèvi sèlman pou divize nou ak ankorage moun k ap fè moun pè.

SOLISYON AN

Vize imigran pou arrestasyon ak depòtasyon se yon zak destriktif ki detounen resous ki soti nan inisyativ ki ankoraje sekirite ak byennèt tout bon vre. New York pa ka kontinye konplis. New York dwe adrese pwoblèm sa a lè li pa patisipe nan mechanste ICE ap fè a.

Lwa New York pou Tout Moun (Gounardes/Reyes) pral pwoteje imigran Nouyòkè yo, prezèvè resous lokal ak leta yo pou kominote nou yo, epi l ap asire ke lajan New York pa kapab detounen pou mete ann aplikasyon yon ajanda imigrasyon mechan ak politize.

“Sa lejislatè nou yo ka fè kounye a se pwomèt ke yo pa pral pèmèt sa rive lòt moun tankou m, oswa lòt timoun tankou pa m yo.

- Dalila Yeend

KIJAN LI FONKSYONE

Lwa New York pou Tout Moun anjeneral entèdi polisyé lokal yo ak leta yo ranfòse lwa imigrasyon federal yo, transpòte moun nan prizon ICE, epi pataje enfòmasyon sansib ak otorite imigrasyon federal yo. Li asire tou ke moun ki nan prizon yo enfòme sou dwa yo anvan ICE kesyone yo. Lwa a entèdi ICE ak CBP antre nan zòn ki pa piblik nan pwopriyete leta ak lokal yo san yon manda jidisyè epi kòmanse pwosesis pou limite aksè yo nan baz done enfòmasyon leta yo.

POU KISA NOU BEZWEN NEW YORK POU TOUT MOUN KOUNYE A

KOMINOTE KI REFIZE KONSPIRE AK ICE PI AN SEKIRITE.

Lè moun yo twò pè pou yo mande èd oswa pou yo fè vwazen yo ak kominote yo konfyans, nou tout gen mwens sekirite. An reyalite, done yo montre ke krim pi ba nan kote ofisyèl yo pa konsakre tan yo ak resous yo nan yon ajanda imigrasyon ki ostil.

Depi fondasyon li an 2003, ICE te opere ak enpinite, itilize manti, twonpri, ak fòs eksesif pou antre lakay Nouyòkè yo epi fè moun pwòch nou yo ak manm kominote nou an disparèt.

Pèsonn pa ta dwe pè ke si yo rele lapolis oswa sèvis ijans yo sa ka fè ICE vin frape nan pòt yo.

Asosyasyon Chèf Lapolis Gwo Vil yo (Major Cities Chiefs Association), Gwoup Travay Prezidansyèl sou Politik 21yèm Syèk la (Presidential Task Force on 21st Century Policing), Pwokirè Jeneral Eta New York (New York State Attorney General), ak Lapolis Eta New York (New York State Police) yo tout te adopte pozisyon oswa politik pou anpeche aplikasyon lwa imigrasyon federal yo, nan site mal li lakoz sekirite piblik la.

PWOTEJE IMIGRAN RANFÒSE EKONOMI NEW YORK.

Lè rezidan yo fè otorite lokal yo konfyans, yo patisipe plis nan ekonomi lokal la. An 2022, imigran Nouyòkè yo te kontribye \$68 milya dola nan taks epi yo te konstitiye \$153 milya dola nan pouvwa dacha.

Imigran yo reprezante prèske 30% nan mendèv eta a; plis pase 60 poustan nan travayè swen sante adomisil ak èd pou granmoun aje yo se imigran, epi kèk nan premye djòb ki pi pwobab pou moun k ap chèche azil yo gen ladann asistan enfimyè, moun k ap okipe timoun yo, ak travayè nan domèn konstriksyon yo. Sa yo se kèk nan travay ki pi enpòtan, ki difisil pou moun pran nan New York. Done yo montre tou ke revni kay la pi wo, epi pousantaj povrete yo pi ba nan zòn kote ofisyèl yo refize konspire ak ICE.

LÒT ETA TE PASE LEJISLASYON POU KENBE RESOUS LOKAL YO ANDEYÒ APLIKASYON LWA IMIGRASYON FEDERAL LA.

New York ta dwe swiv egzanp lòt eta ki rekònèt enpòtans pwoteksyon rezidan ki imigran yo. New Jersey, Washington, Illinois, ak California deja genyen politik pou azil nan tout eta a. Vil Nouyòk ak lòt jiridiksyon lokal yo deja adopte politik solid nan tout vil la pou kenbe ajans lokal yo andeyò ajanda ICE la.

Soti Staten Island rive Buffalo rive Albany, New York bezwen yon politik ki konsistan nan tout eta a pou pwoteje tout rezidan ki imigran yo.

KOMINOTE IMIGRAN YO MERITE RESPÈ AK YON CHANS POU YO VIN SITWAYEN AMERIKEN SAN KÈ SOTE.

Fanmi imigran yo te andire anpil difikilte avèk kouraj pou yo bati yon lavi miyò isit la. Politik divizyon Trump lan pral yon katastwòf pou fanmi ak kominote sa yo, ki bezwen pwoteksyon tankou New York pou Tout Moun plis ke jamè. Imigran yo te oblige tann twò lontan pou lejislatè federal yo devlope yon plan rezonab pou yo vin sitwayen ameriken, e pwosesis la twò andomaje. Avèk yon anti-imigran ekstremis ki retounen nan Mezon Blanch lan, nou dwe adopte New York pou tout Moun depi kounye a.



The Bronx
Defenders



Vera
INSTITUTE OF JUSTICE